## Тест № 10

1. Предложениялъулъ рукӀуна ....

а) гьаркьалги хӀарпалги.
б) бетӀералги бетӀерал гурелги членал.

2. Подлежащее, сказуемое ва битӀараб дополнение ккола ....

а) предложениялъул членал.
б) предложениялъул бетӀерал гурел членал.
в) предложениялъул бетӀерал членал.

3. Предложениялъул бетӀерал гурел членаз сундуе баян кьолеб?

а) Предложениялъулъ ругел рагӀабазе.
б) предложениялъул членазе.
в) Подлежащеялъе, сказуемоялъе, битӀараб дополнениялъе ва цогидал бетӀерал гурел членазе.

4. Гьаб предложениялъулъ бетӀерал гурел членал рихьизаре.

1 2 3 4 5
Учителасе кумекалъе гьитӀинал цӀалдохъаби хехго
6
рачӀана.



а) 4 ва 6 рагӀи.
б) 1, 2, 3 ва 5 рагӀи.
в) 2, 4 ва 6 рагӀи.

5. БетӀерал членал рихьизарулаго, кинаб предложениялъулъ гьалатӀ биччан бугеб? (БетӀерал членал чӀегӀер хъван рихьизарун руго.)

1. **Васал** гохӀдасан **хъещтӀолел рукӀана**. 2. Бищунго чӀахӀиял чанагъал **рукӀана Рашидилги Шарипилги**. 3. Гьенире **рачӀана Раисатги Шумайсатги.**

а) ТӀоцебесеб предложениялъулъ.
б) КӀиабилеб предложениялъулъ.
в) Лъабабилеб предложениялъулъ.

6. Гьаб предложениялъул синтаксисияб разбор битӀун гьабун бугищ?

ЦӀадал хӀориниб <u>цӀва</u> <u>бихьанила</u> ахирги <u>гӀужрукъалда</u>.

а) БитӀун гьабун буго.
б) БитӀун гьабун гьечӀо.

**Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал**

**Тест № 9**

1. Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб ялъуни жиндир хIакъалъулъ бицен гьабулеб рагIи …

а) битIараб дополнение ккола.

б) сказуемое ккола.

в) подлежащее ккола.

2. Сунда абулеб сказуемое?

а) Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб, ялъуни жиндир хIакъалъулъ бицен гьабулеб рагIиялда.

б) Предложениялда жаниб подлежащеялъ гьабулеб иш, гьелъул ахIвал-хIал бихьизабулеб рагIиялда.

в) Предложениялда жаниб подлежащеялъул иш жинда тIаде кколеб рагIиялда.

3. Сунда абулеб битIараб дополнение?

а) Предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб ялъуни жиндир хIакъалъулъ бицен гьабулеб рагIиялда.

б) Предложениялда жаниб подлежащеялъ гьабулеб иш, гьелъул ахIвал- хIал бихьизабулеб рагIиялда.

в) Предложениялда жаниб подлежащеялъул иш жинда тIаде кколеб рагIиялда.



4. Сказуемое кинал суалазе жаваблъун бачIунеб?

а) Щив? щий? щиб? щал? лъица? сунца? лъие? сундуе? лъида? сунда?

б) Щиб гьабулеб? щиб гьабилеб? щиб гьабураб? щиб бугеб? щиб лъугьараб? щиб хIалалда бугеб?

в) Кинав? кинай? кинаб? кинал?

5. Гьаб предложениялъулъ подлежащее ва сказуемое бате.

1 2 3 4 5 6

Рохьил киналго балъголъаби лъалаан дир инсуда.

а) ТIоцебесеб ва ункъабилеб рагIи.

б) Лъабабилеб ва ункъабилеб рагIи.

в) Анлъабилеб ва ункъабилеб рагIи.

6. Гьаб предложениялъулъ битIараб дополнение бате.

1 2 3 4 5 6

Цо бакъараб бацIида бихьанила бакъучалъул каратI.

а) Анлъабилеб рагIи.

б) ТIоцебесеб рагIи.

в) Лъабабилеб рагIи.

## Тест № 8

1. РекIел кутакаб асаргун, ахIун абулеб предложениялда ….

а) Суалияб предложение абула.
б) ТIалабияб предложение абула.
в) Хабарияб предложение абула.
г) АхIул предложение абула.

2. АхIул предложениялъул ахиралда …

а) суалияб ишара лъола.
б) тIанкI лъола.
в) ахIул ишара лъола.

3. Гьаб предложениялъул ахиралда кинаб лъалхъул ишара лъезе кколеб?

Унго дуниял тIегьан бугеб куц
а) Суалияб ишара.
б) ТIанкI.
в) АхIул ишара.

4. Хабариял, тIалабиял ва суалиял предложениял ахIул предложенияллъун кин ккезаризе бегьулел?

а) Интонация цIунун абулел ругони.



б) РекIел асаргун ахIун абулел ругони.
в) ГIодобе биччараб гьаракьалдалъун абулел ругони.

5. **Муса радалго хIалтIуде ана. Муса, дуца гьеб хабар лъугIизабе. Муса, мун щай гIенеккуларев?** абурал предложениял рекIел асаргун ахIун абуни, гьезул ахиралда кинаб лъалхъул ишара лъезе кколеб?

а) АхIул ишара.
б) Суалияб ишара.
в) ТIанкI.

6. Кинаб предложениялъул ахиралда ахIул ишара лъезе кколеб?

1. Ниж рохьоре унел рукIана 2. Гьай залим, досул кутак бихьулищ 3. Щиб дуе бокьулеб

а) ТIоцебесеб предложениялъул ахиралда.
б) Лъабабилеб предложениялъул ахирада.
в) КIиабилеб предложениялъул ахиралда.